

Òdonans Esklizyon pou Dosye ki Pa konplè oswa ki Pa sifi (Fòm Blan)

Kisa fòm sa a ye?

Fòm sa a se yon avi legal. Baze sou dosye vaksen an nan lekòl oswa nan gadri timoun ou an, timoun ou an swa gen vaksen ki manke oswa gen yon bagay ki dwe korije nan dosye a. Dosye a dwe mete ajou anvan Jou Esklizyon an oswa timoun ou an p ap otorize ale lekòl oswa nan gadri jiskaske dosye yo mete ajou.

E si timoun ou an te déjà resevwa vaksen yo ki te mansyonne nan lèt la?

Pote dosye a nan lekòl oswa nan gadri timoun ou an, epi mete kopi dosye lekòl la ajou. Si w pa gen yon kopi dosye a rele kabinè doktè a oswa ALERT IIS, ki se rejis vaksinasyon nan Oregon, nan 1-800-980-9431 pou w ka jwenn yon kopi.

E si timoun ou an pa te resevwa vaksen yo ki te mansyonne nan lèt la?

Pran yon randevou san pèdi tan pou l resevwa vaksen yo. Enfòme kabinè ke yo pral ranvwaye timoun ou an nan lekòl oswa nan gadri epi voye l lakay li si l pa pran vaksen yo. Si w pa gen yon doktè, rele 211, yo ka ede w jwenn vaksen yo. On fwa w gen vaksen, asire w lekòl la oswa gadri a resevwa yon kopi, pou yo ka mete dosye timoun ou an ajou.

E si lèt la montre gen yon bagay ki manke oswa ki pa konplè?

Fè mizajou sa ki manke oswa ki pa konplè a anvan Jou Esklizyon an pou timoun ou an ka rete lekòl.

E si yon doktè te di w timoun ou an pa ta dwe pran vaksen yo?

Oregon otorize yon egzansyon medikal. Yon doktè oswa depatman sante lokal la dwe siyen 1. Si w panse timoun ou an bezwen yon egzansyon medikal, pale avèk founisè swen medikal timoun ou an.

E si w ap chwazi pou l pa resevwa vaksen yo?

Oregon otorize yon egzansyon ki pa medikal. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn yon egzansyon ki pa medikal, ale sou www.healthoregon.org/vaccineexemption.

E si w gen kesyon?

Rele depatman sante lokal ki endike nan avi legal la. Yo ka reponn kesyon w yo pou ou.